

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


3.1 Desain Panalungtikan

Dina ieu panalungtikan digunakeun pamarekan kualitatif kalawan métode déskriptif. Pamarekan kualitatif digunakeun dina ieu panalungtikan, lantaran data anu ditalungtikna mangrupa kecap-kecap dina tulisan. Hal ieu luyu jeung pamadegan Moleong (dina Arikunto, 2010, kc. 22) anu nétélakeun yén panalungtikan kualitatif téh nya éta panalungtikan anu datana atawa sumber datana mangrupa kecap-kecap dina wangun lisan atawa tulisan, sarta barang-barang anu ditalungtik sacara rinci sangkan ma'na nu nyamuni tina éta dokumén atawa tina éta barang bisa kacangkem.

Métode panalungtikan déskriptif nya éta métode anu miboga tujuan pikeun nyieun déskripsi; maksudna nyieun gambaran, lukisan sacara sistematis, faktual jeung akurat ngeunaan data, sifat-sifat, sarta hubungan fénoména-fénoména anu ditalungtik (Djajasudarma, 2010, kc. 9). Dina ieu panalungtikan, métode déskriptif digunakeun pikeun ngadéskripsikeun kamampuh ngalarapkeun éjahan nu aya dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

Satuluyna, desain dina ieu panalungtikan digambarkeun ku bagan galur saperti ieu di handap.

Bagan 3.1
Desain Panalungtikan



3.2 Sumber Data

Data dina ieu panalungtikan nya éta kamampuh ngalarapkeun éjahan dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Ari sumber data dina ieu panalungtikan nya éta karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Dina ngumpulkeun sumber data, panalungtik ngagunakeun téhnik sampel, maksudna nya éta subjék dina ieu panalungtikan mangrupa sabagian atawa wawakil tina jumlah populasi (Arikunto, 2010, kc. 174).

Sampel anu dipilih dina ieu panalungtikan nya éta sampel purposif (*purposive sampling*). Disebut kitu lantaran sampel nu dicokot dina ieu panalungtikan ditangtukeun ku panalungtik. Ku kituna, anu dijadikeun sampel dina ieu panalungtikan nya éta kelas VIIA SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016, anu jumlahna nya éta 36 siswa.

Tina éta sumber data, dicatet larapna éjahan anu ngawengku makéna aksara, nuliskeun aksara, nuliskeun kecap, nuliskeun unsur serepan, jeung makéna tanda baca. Téks karangan wawaran anu dianalisis dina ieu panalungtikan aya 36 téks. Éta téks karangan téh dikumpulkeun dina tanggal 13 Nopémber 2015.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nya éta ngagunakeun téhnik tés, anu ngawengku tés ngarang wawaran jeung tés kaweruh éjahan.

3.3.1 Tés Ngarang Wawaran

Tés ngarang wawaran dilaksanakeun pikeun ngumpulkeun data sarta ngukur tingkat kamampuh ngalarapkeun éjahan dina nulis wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Ari ngumpulkeun datana ngagunakeun téhnik tés kalayan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Ngayakeun tés nyieun wawaran.
- b. Ngumpulkeun hasil karangan siswa.
- c. Niténan data nu geus kakumpul.
- d. Nyortir hasil karangan wawaran siswa.
- e. Nganomeran baris.
- f. Nyirian kasalahan dina unggal hasil karangan wawaran siswa.
- g. Nganomeran kasalahan nu kapanggih.
- h. Nyalin kasalahan nu kapanggih kana kartu data.

3.3.2 Tés Kaweruh Éjahan

Tés kaweruh éjahan digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan tingkat kaweruh éjahan siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016 katut faktor-faktor nu nyababkeun kasalahan makéna éjahan. Siswa ditugaskeun pikeun ngajawab sababaraha pananya ngeunaan éjahan ku cara milih jawaban nu geus disadiakeun. Lembar tés kaweruh éjahan bisa diilikan dina lampiran.

3.4 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat bantu anu dipilih jeung digunakeun ku nu nalungtik sangkan sistematis tur babari dina panalungtikanana (Arikunto, 2010, k. 101). Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta lembar tés ngarang, kartu data, jeung lembar tés kaweruh éjahan.

3.4.1 Lembar Tés Ngarang

Lembar tés ngarang dina ieu panalungtikan digunakeun dina ngumpulkeun data. Eusi tina lembar tés ngarang mangrupa pituduh jeung katangtuan pikeun nulis karangan, sarta lembar karangan anu mangrupa kertas kosong pikeun ngarangna. Ieu lembar tés ngarang téh diébréhkeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.2
Lembar Tés Ngarang

TÉS NYIEUN KARANGAN WAWARAN	
Jieun hiji karangan anu sarat-saratna saperti ieu di handap!	
1. Warna karangan	: wawaran
2. Téma karangan	: bébas
3. Panjang karangan	: minimal 2 paragraf
4. Pigawé kalawan ngagunakeun palanggeran éjahan!	
5. Waktu	: 1 jam pelajaran
6. Komponén anu dipeunteun	: éjahan
Tong poho tulis ngaran jeung kelas dina lambaran karangan hidep!	

3.4.2 Lembar Tés Kaweruh Éjahan

Lembar tés kaweruh éjahan digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan tingkat kaweruh éjahan siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Ieu téhnik dijieun dina wangun patalékan-patalékan anu geus disadiakeun jawabanana. Réspondén tinggal milih jawabanana ku cara dicakra (x). Lembar tés kaweruh éjahan bisa diilikan dina lampiran.

Kisi-kisi tés kaweruh éjahan téh saperti ieu di handap.

Tabél 3.1
Kisi-Kisi Tés Kaweruh Éjahan

Indikator	Soal	No soal	Babari/Hésé	Konci Jawaban
Makéna aksara (vokal)	Aksara vokal dina basa sunda nyaéta	1	Babari	c
Makéna aksara (vokal)	Cara nulis huruf e, é, jeung eu anu bener nyaéta	2	Babari	b
Makéna aksara (engang)	Kecap saetik lamun dirucat engangna jadi	3	Babari	c
Makéna aksara (engang)	Kecap anu jumlah engangna aya opat engang nyaéta	4	Babari	a
Makéna aksara (engang)	Pola engang tina kecap sampeu , nyaéta	5	Babari	d
Nuliskeun aksara (gedé)	Kalimah anu bener cara nulis aksarana nyaéta	6	Hésé	a
Nuliskeun aksara (gedé)	Cara nulis singgetan gelar anu salah nyaéta	7	Hésé	c
Nuliskeun kecap (rundayan)	Kalimah anu bener cara nulis kecap rundayan nyaéta	8	Hésé	d
Nuliskeun kecap (pangantét)	Kalimah anu maké kecap pangantét nya éta	9	Hésé	b
Nuliskeun kecap (sulur)	Cara nulis kecap sulur anu bener nya éta	10	Babari	a
Nuliskeun kecap (kantétan)	Cara nulis gabungan kecap nu salah nyaéta...	11	Babari	c
Nulis unsur serepan	Anu kaasup cara nulis kecap serepan nu bener nyaéta	12	Hésé	d
Nulis unsur serepan	Kecap serepan extra lamun ditulis dina basa Sunda jadi	13	Babari	d
Makéna tanda baca	Makéna tanda baca nu salah nya éta	14	Hésé	b

Indikator	Soal	No soal	Babari/Hésé	Konci Jawaban
Makéna tanda baca (koma)	Kalimah anu salah dina maké tanda komana nyaéta	15	Hésé	a

3.4.3 Kartu Data

Kartu data digunakeun pikeun nyatet larapna éjahan nu aya dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016. Dina kartu data dicatet informasi anu mangrupa nomer data, kalimah, kode, wangun anu salah, wangun nu benerna, jeung tipe kasalahanana. Format kartu data baris dijéntrékeun saperti ieu di handap.

Bagan 3.3
Format Kartu Data

(Nomer data)	
Kalimah	: (Nomer siswa/Jajaran/Nomer kasalahan)
Wangun anu salah	:
Kuduna	:
Tipe kasalahan	:

3.5 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungikan nya éta ngagunakeun téhnik analisis unsur langsung (*immediate constituent (IC) analysis*), nya éta analisis anu niténan unsur-unsur basa anu langsung ngawangun unsur saluhureunana (Hockett dina Triyani, 2009, kc. 28). Ari nu dianalisisna nya éta larapna éjahan dina karangan wawaran siswa kelas VII SMP Negeri 45 Bandung taun ajaran 2015/2016.

Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- Ngaruntuykeun kasalahan nu kapanggih sacara alfabetis.
- Nganomeran kasalahan.

- c. Itung jumlah kasalahan éjahanna.
- d. Ngawincik kasalahan dumasar tipe kasalahanana.
- e. Nganalisis kasalahan.
- f. Nafsirkeun kasalahan.
- g. Nyindekkeun hasil.

Dina ngukur kamampuh siswa, digunakeun téhnik ngolah datana ku cara dibandingkeun jeung jumlah nu dipiharep, tuluy diperséntasikeun. Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Meunteun kamampuh siswa

$$N = \frac{\Sigma B}{\Sigma T} \times 100\%$$

Katerangan:

N = perséntase kamampuh siswa

ΣB = jumlah kecap nu bener

ΣT = jumlah kecap nu dipaké

- b. Nangtukeun patokan

Tabél 3.2
Nangtukeun Patokan Kamampuh Siswa ku Cara
Ngitung Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Skala Lima		Katerangan
	0-4	E-A	
85% - 100%	4	A	Alus pisan
75% - 84%	3	B	Alus
60% - 74%	2	C	Sedeng
40% - 59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Nurgiyantoro dina Fauziah, 2013, kc. 32)

Salian ti éta, dina ngukur kaweruh siswa ngeunaan éjahan, digunakeun ogé téhnik ngolah datana ku cara dibandingkeun jeung jumlah nu dipiharep, tuluy diperséntasikeun.

Éta data diolah kalawan léngkah-léngkah ieu di handap.

- a. Meunteun kaweruh éjahan

$$N = \frac{\Sigma B}{\Sigma T} \times 100\%$$

Keterangan:

N = perséntase kamampuh siswa

ΣB = jumlah kecap nu bener

ΣT = jumlah kecap nu dipaké

- b. Nangtukeun patokan

Tabél 3.3
Nangtukeun Patokan Kaweruh Éjahan ku Cara Ngitung
Perséntase keur Skala Lima

Interval Perséntase Tingkat Ngawasa	Nilai Ubah Skala Lima		Keterangan
	0-4	E-A	
85% - 100%	4	A	Alus pisan
75% - 84%	3	B	Alus
60% - 74%	2	C	Sedeng
40% - 59%	1	D	Kurang
0% - 39%	0	E	Goréng

(Nurgiyantoro dina Fauziah, 2013, kc. 32)

Faktor anu mangaruhan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan téh ditingali tina data variabel kamampuh jeung kaweruh éjahan anu diitung ngagunakeun koéfisién korélasi kalawan maké rumus:

$$r_{XY} = \frac{n \Sigma XY - \Sigma X \Sigma Y}{\sqrt{(n \Sigma X^2 - (\Sigma X)^2)(n \Sigma Y^2 - (\Sigma Y)^2)}}$$

Keterangan:

- r_{xy} = koéfisíén korélasi
 ΣXY = jumlah peunteun X jeung Y
 ΣX^2 = jumlah kuadrat skor X
 ΣY^2 = jumlah kuadrat skor Y

Sanggeus ngitung r_{xy} tuluy diinterpretasikeun kana harga r_{xy} di handap:

Tabél 3.4
Klasifikasi Interpretasi Korélasi

0,80 – 1,00	luhur pisan
0,60 – 0,79	luhur
0,40 – 0,59	sedeng
0,20 – 0,39	handap
0,00 – 0,19	handap pisan

(Sugiyono, 2009, kc. 231)

Gedéna pangaruh kaweruh éjahan kana kamampuh ngalarapkeun éjahan diitung ngagunakeun koéfisíén determinasi kalawan maké rumus nurutkeun Riduwan (2009, kc. 139) saperti ieu di handap.

$$KP = r^2 \times 100\%$$

Keterangan:

- KP = koéfisíén determinasi
 r = koéfisíén korélasi